

AVI #15 FAZ 3 UNDERLINE LAN

Pwojè No. CIP178-DTPW20-DB

SEGMAN 07


AVI POU FÈMTI PASYÈL PAKIN

Nan kad Pwojè Underline lan, yon pòsyon nan pakin ki akote M-Path bò University Station lan pral fèmen pou fè tout travay amelyorasyon yo pwopoze yo, tankou chemen pou bisiklèt ak pyeton, aktivite plantezon, ekleraj, enstalasyon mèb ak ekipman.

Pou fè travay sa a san danje e minimize enpak sou piblik la, fèmti pakin yo ap fèt pa faz, pou kenbe kèk espas disponib pou itilizasyon. Konstriksyon an ap kòmanse nan Lot A1 ak Lot A2, ke Inivèsite Miami te fèmen depi kòmansman mwa oktòb la. Lot C a ap fèmen nèt soti 3 novanm 2025 rive 3 avril 2026. Nou ap fè tout efò pou minimize enpak aktivite konstriksyon yo sou rezidan, pyeton, siklis zòn lan, kliyan Metrorail ak Metrobus, biznis ak chofè. Gade anba a.

ANPLASMAN A:

Zòn A1 Pakin lan Ant SW 57th Avenue e San Amaro Drive – ki FÈMEN TOTALMAN kounye a
Zòn A2 Pakin ant San Amaro Drive e Alhambra Circle – ki FÈMEN PASYÈLMAN kounye a
Dire Fèmti a apati **20 oktòb 2025** jiska **31 janvyè 2026***



*Remake: Move tan oswa lòt evènman enprevi ka afekte dat kòmansman ak dat fen travay sa a.

Pou kesyon oswa plis enfòmasyon, tanpri imel TheUnderline@miamidade.gov oswa rele Gianni Feoli nan (305) 747.7455. Ou ka jwenn plis enfòmasyon konsènan Faz 3 Underline nan vizite: miamidade.gov/TheUnderline.

AVI #15 FAZ 3 UNDERLINE LAN

Pwojè No. CIP178-DTPW20-DB

ANPLASMAN C:

Zòn C – Pakin ant **University Station** and **Stanford Drive** – ap FÈMEN TOTALMAN apati 3 novanm 2025
Dire Fèmti a apati **3 novanm 2025** jiska **3 avril 2026***



*Remake: Move tan oswa lòt evènman enprevi ka afekte dat kòmansman ak dat fen travay sa a.

Pou kesyon oswa plis enfòmasyon, tanpri imel TheUnderline@miamidade.gov oswa rele Gianni Feoli nan (305) 747.7455.
Ou ka jwenn plis enfòmasyon konsènan Faz 3 Underline nan vizite: miamidade.gov/TheUnderline.